

OWAH-OWAHANE TEGESE TEMBUNG ING BASA JAWA ADHEDHASAR DRAJATE

Fuad Mujahid

Jurusan S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
fuadmujahid@gmail.com

Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si

Dosen S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Owah-owahane tegese tembung adhedhasar drajata mujudake salah sawijine pepanthane owah-owahane teges. Owah-owahane tegese tembung kang adhedhasar drajata iku dumadi saka owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliyorasi*) lan owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*). Adhedhasar bab kasebut, punjere panliten iki yaiku owah-owahane tegese tembung adhedhasar drajata. Saka punjer kasebut, undere panliten iki yaiku: (1) apa wae jinise owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliyorasi*)? (2) apa wae jinise owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*)? Tujuwane panliten iki ana loro, yaiku tujuwan umum lan tujuwan mligi. Tujuwan umum panliten iki yaiku ngandharake lan njlentrehake owah-owahane tegese tembung adhedhasar drajata. Dene tujuwan mligi panliten iki yaiku kanggo ngandharake lan njlentrehake jinise owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliyorasi*), lan jinise owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*).

Panliten iki kalebu jinis panliten lingusitik dheskriptif kang asipat dhiakronis. Dhata sajrone panliten iki yaiku owah-owahane teges kang dumadi ing tembung. Dhata kasebut diolehi saka nggoleki tembung-tembung sajrone wacan ing rubrik-rubrik majalah Jaya Baya wiwit taun 1975 nganti 2015. Sabanjure, dhata kasebut dijlentrehake kanthi teori fitur dhistingtif teges kanthi cara kerja jlentrehan perangane teges kanggo ngerteni drajat tegese tembung.

Owah-owahane teges kang dumadi ing tembung sajrone wacan ing majalah Jaya Baya wiwit taun 1975 nganti 2015 kang kasil ditemokake ana 51 tembung. Saka 51 tembung kasebut banjur dipantha loro, kang mlebu owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliyorasi*) 32 tembung, banjur kang mlebu owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*) 19 tembung. Sawise kuwi, banjur dilebokake menyang bageyane owah-owahane tegese tembung saya luhur lan saya asor kang wis dibage dadi telu, yaiku awujud aran, awujud pakaryan, lan awujud kahanan. sawise kuwi banjur tembung-tembung kasebut dilebokake ing perangane dhewe-dhewe. Asile panliten iki yaiku owah-owahane tegese tembung adhedhasar drajata iku umume dumadi ing arane prabot, arane panandhange manungsa, pakaryan kang ditindakake dening wong lanang, pakaryan kang ditindakake dening wong wadon, pakaryan kang ditindakake kekarone, kahanan kang kasat mripat, lan kahanan kang ora kasat mripat.

Tembung wigati : owah-owahane teges, owah-owahane tegese tembung adhedhasar drajata, owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliyorasi*), lan owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*).

PURWAKA

Landhesane Panliten

Owah-owahane teges iku tuwuh amarga anane pangrembakane jaman kang saya suwe saya owah, saengga nyebabake owahé basa mligine owahé tegese tembung. Owah-owahane tegese tembung ing basa Jawa adhedhasar drajata digunakake kanggo ngluhurake drajat utawa kanggo ngasorake drajata pawongan utawa samubarang tartamtu lumantar owahé tembung ing basa Jawa. Panliten ngenani owah-owahane teges iku wis kerep ditindakake kayadene panliten ngenani owah-owahane teges saya amba (*generalisasi*), owah-owahane teges saya ciyut (*spesifikasi*), owah-owahane teges saya alus (*eufemia*), lan owah-owahane teges saya kasar (*disfemia*). Saka pepanthane owah-owahane teges kang kerep diteliti iku mau, nganti seprene isih durung ana kang niliti pepanthane owah-owahane teges kang arupa owah-owahane teges saya luhur (*ameliyorasi*) lan owah-owahane teges saya asor (*peyorasi*). Saliyane iku,

panliten ngenani owah-owahane teges kang kerep diteliti iku mau mung mligi ditindakake ing basa Indhonesia. Mula saka iku panliten ngenani owah-owahane teges saya luhur (*ameliyorasi*) lan owah-owahane teges saya asor (*peyorasi*) kang sejatine kalebu pepanthane owah-owahane teges narik kawigatene panliti kanggo nggoleki lan ngonceki jinise owah-owahane teges saya luhur lan saya asor ing basa Jawa. Owah-owahane teges saya luhur lan saya asor iku kalebu pepanthane owah-owahane teges, iku cundhuk karo andharane Tarigan (1985: 86-96), kang owah-owahane teges iku dipantha-pantha dadi 6, salah sijine yaiku saya luhur (*ameliyorasi*), lan saya asor (*peyorasi*).

Owah-owahane tegese tembung adhedhasar drajata mujudake salah sawijine pepanthane owah-owahane teges. Owah-owahane tegese tembung kang adhedhasar drajata iku ana rong jinis, yaiku owah-owahane teges saya luhur (*ameliyorasi*) lan owah-owahane teges saya asor (*peyorasi*). Owah-owahane

teges saya luhur (*ameliorasi*) yaiku owah-owahane teges kang disebabake dening teges anyar kang dirasa luwih luhur, luwih apik, lan nyenengake jalaran tembung kang sadurunge iku dianggep nduweni teges kang ala utawa asor. Dene owah-owahane teges saya asor (*peyorasi*) yaiku owahe tegese tembung kang luwih asor utawa ala (*negatif*) saka tegese tembung kang sadurunge. Owah-owahane teges saya luhur lan owah-owahane teges saya asor iku tuwuh amarga anane pangrembakane jaman kang saya suwe saya owah saengga nyebabake owahe basa mligine owahe tegese tembung. Owah-owahane tegese tembung ing basa Jawa adhedhasar drajate digunakake kanggo ngluhurake drajat utawa kanggo ngasorake drajate pawongan utawa samubarang tartamtu lumantar owahe tembung ing basa Jawa.

Owah-owahane teges saya luhur kang dumadi ing tembung iku penganggone bisa ngluhurake drajate pawongan liya, dene owah-owahane teges saya asor kang dumadi ing tembung iku penganggone bisa ngasorake drajate pawongan liya. Pangrakite tembung kang wiwitane asor banjur diluhurake utawa sawalike, diperlokake kanggo ngormati utawa ngasorake drajate pawongan tartamtu, cundhuk karo kontekse. Kanggo ngormati wong wae merlokake tembung kang apik amrih wong kang dikormati kasebut seneng atine, lan ora naton atine amarga ana tetembungan kang kurang trapsila. Tuladhane tembung “palanyahan” lan tembung “wanita tunasusila”. Tembung “wanita tunasusila” dirasa luwih apik, luwih trapsila, luwih luhur, lan luwih nyenengake tinimbang tembung “palanyahan” sing dirasakake luwih kasar lan asor. Owah-owahane teges saya luhur ing kene tegese tembung kang digunakake ora owah, kang owah mung tembung lan drajat tegese tembung. Nanging tembung kang owah mau dirasa luwih trep lan luwih aweh pakormatan kanggo ngluhurake drajate pawongan utawa drajate samubarang tartamtu, semono uga sawalike. Dene pangrakite tembung kanggo ngasorake wong utawa samubarang tartamtu uga merlokake tembung kang trep. Penganggone basa kerep aweh tembung-tembung kang ala lan kasar kanggo ngasorake pawongan liya utawa samubarang tartamtu, cundhuk karo wektu, kahanan lan papan dununge pengango basa.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, panliten iki ngenani owah-owahane teges kang dumadi ing tembung sajrone wacan ing rubrik-rubrik majalah Jaya Baya wiwit taun 1975 nganti 2015. Sengaja dipilih majalah basa Jawa Jaya Baya amarga majalah Jaya Baya iku nganti seprene isih ana (*eksis*), lan minangka majalah kang basane gampang dingerteni dening pamaca utamane pamaca ing jamane. Prelu dingerteni yen owah-owahane teges kang diteliti yaiku mung owah-owahane teges saya luhur (*ameliorasi*) lan owah-owahane teges saya asor (*peyorasi*). Dadi saliyane owah-owahane teges saya luhur

lan saya asor kayadene owah-owahane teges saya ciyut, amba, kasar, lan alus ora dijlentrehake.

Underane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten ing ndhuwur, punjere panliten iki yaiku owah-owahane tegese tembung adhedhasar drajate. Dene underane panliten iki ana loro, yaiku:

- 1) apa wae jinise owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliorasi*)?
- 2) apa wae jinise owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*)?

Tujuwane Panliten

Adhedhasar punjere panliten ing ndhuwur, tujuwan umum panliten iki yaiku ngandharake lan njlentrehake owah-owahane tegese tembung adhedhasar drajate. Dene tujuwan mligi panliten iki yaiku kanggo ngandharake lan njlentrehake:

- 1) jinise owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliorasi*),
- 2) jinise owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*).

Paedahe Panliten

Paedah saka panliten iki ana loro yaiku paedah teoretis lan paedah praktis

1.1.1 Paedah Teoretis

Asile panliten iki migunani kanggo pangrembakane ilmu basa Jawa bidhang semantik topik owah-owahane teges, yaiku sub topik owah-owahane teges adhedhasar drajate. Saliyane iku kanggo panyengkuyunge panliten sabanjure.

1.1.2 Paedah Praktis

Asil panliten iki dadi sumber pangrembakane materi pasinaon wulangan basa Jawa ing pawiyatan luhur mligine topik owah-owahane teges lan sub topik owah-owahane teges saya luhur (*ameliorasi*) lan owah-owahane teges saya asor (*peyorasi*).

Wewatesane Panliten

Panliten iki diwatesi, supaya ora nggrambyang lan ngambrawara. Watesane panliten iki diandharake ing ngisor iki.

- 1) Panliten iki ngenani owah-owahane tegese tembung adhedhasar drajate.
- 2) Sumber dhata panliten iki yaiku tembung-tembung sajrone wacan ing rubrik-rubrik majalah Jaya Baya wiwit taun 1975 nganti 2015.

Panjlentrehane Tetembungan

Tetembungan ing panliten iki ana 4, yaiku owah-owahane teges, owah-owahane tegese tembung

adhedhasar drajata, owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliorasi*), lan owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*). Patang tetembungan kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

1) Owah-Owahane Teges

Pateda (1989:71) ngandharake yen owah-owahane teges iku dumadi krana manungsa nggunakake tembung lan ukara. Banjur tembung lan ukara kasebut suwe saya suwe ngalami owah-owahan. Tembung utawa ukara kang owah iku mau ndadekake tegese tembung lan tegese ukara iku uga ngalami owah-owahan saka sadurunge.

2) Owah-Owahane Tegese Tembung Adhedhasar Drajata

Owah-owahane teges iku nduweni pepanthan kang akeh, salah sawijine yaiku owah-owahane teges adhedhasar drajata. Tarigan (1985: 86-96) ngandharake yen jinise owah-owahane teges iku bisa dipantha dadi enem yaiku, (a) owah-owahane teges saya amba (*generalisasi*), (b) saya ciyut (*spesifikasi*), (c) saya luhur (*ameliorasi*), (d) saya asor (*peyorasi*), (e) *sinestesia*, lan (f) *asosiasi*. Saka pepanthan kasebut banjur diklasifikasikak, salah sawijine yaiku owah-owahane teges adhedhasar drajata kang dumadi saka owah-owahane teges saya luhur (*ameliorasi*) lan owah-owahane teges saya asor (*peyorasi*).

3) Owah-Owahane Tegese Tembung Saya Luhur (*Ameliorasi*)

Tarigan (1985:90) ngandharake yen *ameliorasi* iku dumadi saka tembung *melior* kang nduweni teges luwih apik, luwih dhuwur, luwih luhur, lan luwih alus. Owah-owahane tegese tembung saya luhur utawa *ameliorasi* yaiku peningkatan tegese tembung, jalaran tegese tembung kang anyar iku dirasa luwih apik, luwih luhur, lan luwih alus tinimbang tegese tembung kang sadurunge.

4) Owah-Owahane Tegese Tembung Saya Asor (*Peyorasi*)

Tarigan (1989:92) ngandharake yen *peyorasi* iku dumadi saka tembung *peyor* kang nduweni teges ala. Owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*) yaiku owahe tegese tembung kang biyene isih dianggep lan dirasa lumrah penganggone, banjur ing jaman saiki tegese tembung kasebut luwih dianggep lan dirasakake ala, asor, lan kurang trapsila.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Konsep-konsep ing Panliten Iki

Konsep-konsep kanggo panliten iki bakal dijlentrehake siji mbaka siji. Luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

1. Owah-Owahane Tegese Tembung ing Basa Jawa Adhedhasar Drajata

Owah-owahane teges iku nduweni pepanthan kang akeh, salah sawijine yaiku owah-owahane teges adhedhasar drajata. Miturut Tarigan (1985:86-96), jinise owah-owahane teges iku bisa dipantha dadi enem yaiku, (a) saya amba (*generalisasi*), (b) saya ciyut (*spesifikasi*), (c) saya luhur (*ameliorasi*), (d) saya asor (*peyorasi*), (e) *sinestesia*, lan (f) *asosiasi*. Saka andharane Tarigan kasebut bisa diklasifikasikake, salah sawijine yaiku owah-owahane teges adhedhasar drajata kang dumadi saka owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliorasi*) lan owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*).

2. Owah-owahane Tegese Tembung Saya Luhur utawa *Ameliorasi*

Teges owah-owahane tegese tembung saya luhur yaiku owahe tegese tembung kang wiwitane asor utawa netral banjur diowahi kanthi tembung-tembung kang apik, luhur utawa nyenengake jalaran tembung kang sadurunge iku nduweni teges kang dirasa kurang apik, ala, lan asor. Owah-owahane tegese tembung saya luhur tuwuh saka tembung-tembung kang netral, tembung-tembung kang ala (asor) banjur owah tegese dadi apik, luhur, lan nyenengake.

Muljana (1964:28), ngandharake yen owah-owahane teges disebabake panemune pangango basa bisa dadi teges kang saya luhur, yaiku owah-owahane teges kang tumuju ing bab kang luwih nyenengake. Owahe teges kang kaya mangkono iku bisa owah dadi tembung kang nyenengake utawa sawalike. Owahe teges kang dadi nyenengake bisa sinebut *ameliorasi*. Owah-owahane teges saya luhur disebabake amarga panampane pangango basa, banjur tembung kang digunakake dening pangango basa bisa owah tegese dadi luwih luhur. Tarigan (1985:90), uga ngandharake yen *ameliorasi* utawa owah-owahane tegese tembung saya luhur iku dumadi saka tembung *melior* kang nduweni teges luwih becik. Owah-owahane tegese tembung saya luhur utawa *ameliorasi* yaiku peningkatan tegese tembung, jalaran tegese tembung kang anyar iku luwih luhur, lan luwih apik tinimbang tembung sadurunge. Owahe *amelioratif* tumuju menyang teges anyar kang luwih luhur utawa apik, supaya teges kang anyar iku dianggep luwih becik pambijine saka tembung kang sadurunge. Miturut Tarigan (1985:90), owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliorasi*) dibage dadi 3 yaiku (1) owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud pakaryan, (2) owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud aran, lan (3) owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud kahanan. Perangan iku digambarake lan dijlentrehake sajrone tuladha lan andharane. Tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

- (1) “tuna aksara” dirasa luwih becik, lan luwih luhur tinimbang “wuta huruf”.
- (2) “wanita tunasusila” dirasa luwih becik, lan luwih luhur tinimbang “palanyahan (pelacur)”.
- (3) “tunawisma” dirasa luwih becik, lan luwih luhur tinimbang “glandhangan”.
- (4) “tunarungu” dirasa luwih becik, lan luwih luhur tinimbang “budheg”.
- (5) “pramuwisma” dirasa luwih becik, lan luwih luhur tinimbang “pembantu” utawa “babu”.
- (6) “tuna busana” dirasa luwih becik, lan luwih luhur tinimbang “wuda” utawa “telanjang”.
- (7) “karyawan” dirasa luwih becik, lan luwih luhur tinimbang “buruh pabrik”.

Saka tuladha ing ndhuwur bisa dingerteni yen kang owah iku bisa tembung utawa frase. Tembung utawa frase kang tegese asor banjur diowahi dadi tembung utawa frase kang tegese luhur. Tembung utawa frase kang nduweni teges luhur bisa digunakake kanggo ngluhurake drajate pawongan liya utawa samubarang tartamtu. Jalaran tembung kang durung diowahi iku bisa wae nduweni teges kang ngasorake liyan, saengga ora pantes kinucap utawa tinulis. Saliyane ora pantes kinucap lan ora pantes tinulis, penganggo tembung kang durung diowahi bisa njalari salah panampene mitra wicara utawa pamaca. Amarga mitra wicara utawa pamaca luwih seneng karo tembung-tembung kang nduweni teges kang luhur, lan apik. Bisa diarani kaya mangkono amarga panutur utawa panulis kang durung ngowahi tembung menyang owah-owahane tegese tembung saya luhur bisa ngasorake utawa nglarani atine mitra wicara utawa pamaca. Banjur wujud tembung utawa frase kang owah dadi saya luhur iku bisa awujud pakaryan kang lagi ditindakake, bisa awujud kahanan, lan uga bisa awujud aran. Mula andharan ngenani owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliyorasi*) bakal dipantha dadi telung wujud yaiku, (1) owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud pakaryan, (2) owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud aran, lan (3) owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud kahanan.

Djajasudarma (1993:68) ngandharake yen owah-owahane teges bisa owah amarga saka panganggone basa. Owah-owahane kasebut bisa tumuju ing bab kang luwih nyenengake utawa sawalike. Tembung kang owah saka tembung kang ala banjur owah dadi tembung kang bisa nyenengake iku sinebut ameliyorasi. Tembung-tembung *ameliyoratif* dumadi saka teges kang netral lan teges negatif. Teges kang netral lan teges kang negatif kasebut owah nuju teges kang positif. Owah-owahane teges bisa tuwuh amarga saka panganggo basa (masyarakat) lan uga paugeran-paugeran sajrone masyarakat. Mula saka iku akeh tembung kasebut nduweni kang rasa luhur, dhuwur lan nyenengake (Chaer,

2002:137). Rasa ameliyoratif kasebut bisa wae mung asipat *sinkronis*. *Sinkronis* iku nduweni teges gegayutan karo kedadeyan kang wis dumadi sajrone wektu kang winates. Sacara dhiakronis bisa owah, amarga saka pengrembakane pandhangan urip lan pangrembakane budaya, *dhiakronis* yaiku asipat sejarah lan gegayutan karo basa (Chaer, 2002:138).

Pateda (1989:78) uga ngandharake yen owah-owahane tegese tembung saya luhur iku teges kang tumuju menyang bab-bab kang nyenengake. Teges kang tumuju menyang bab-bab kang nyenengake iku sinebut *meliyoratif*. Teges saya luhur yaiku owah-owahane teges kang dianggep nduweni pangrasa apik utawa nduweni rasa positif (Aminuddin, 2003:131). Dene miturut Suwandi (2008:121), teges saya luhur yaiku Owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliyorasi*) yaiku owah-owahane teges kang disebabake dening teges anyar kang dirasa luwih luhur, luwih apik, lan nyenengake jalaran tembung kang sadurunge iku dirasa nduweni teges ala lan asor. Dene owah-owahane tegese tembung saya luhur iku dhewe isih bisa dibage maneh, kaya ing ngisor iki.

1) Owah-owahane Tegese Tembung Saya Luhur Awujud Pakaryan

Owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud pakaryan yaiku owah-owahane tegese tembung saya luhur kang wujud pakaryan utawa pangupa jiwane masyarakat Jawa. Pakaryan yaiku samubarang kang dibutuhake dening manungsa tumrap uripe ing alam donya. Pakaryan utawa penggaweyan uga didadekake sumber panguripane manungsa kanggo nyambung uripe manungsa iku mau. Pakaryan iku akeh jinise lan bisa ditrepake karo kabisane dhewe-dhewe. Kayadene wong kang ahli nulis utawa ahli ngarang bisa diarani sastrawan utawa pujangga. Pakaryan uga mujudake drajate pawongan ing sakupenge masyarakat iku dhewe. Upama wae yen dheweke tentara utawa pulisi, pawongan kasebut bakal diluhurake lan dikormati dening masyarakat sakupenge. Pakaryan-pakaryan kasebut ana kang tegese kurang trep utawa asor, nanging tegese pakaryan iku mau bisa diowahi kanthi cara diluhurake tegese pakaryan iku mau. Sawise nelakake lan negesi pakaryan, banjur bisa nggayutake karo owah-owahane tegese tembung saya luhur. Tegese teges owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud pakaryan yaiku owah-owahane teges saka tembung pakaryan utawa saka jinise pakaryan kang wiwitane asor kang bisa owah dadi luhur. Jinise tembung utawa frasa pakaryan kasebut wiwitane asor lan lumrah digunakake ing cecaturan. Banjur jinise pakaryan kang wiwitane asor iku mau owah dadi saya luhur saka teges kang sadurunge.

2) Owah-owahane Tegese Tembung Saya Luhur Awujud Aran

Owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud aran yaiku owah-owahane tegese tembung saya luhur kang wujud aran, tegese owah-owahane tegese tembung saya luhur kang wewujudane arane prabot lan arane manungsa. Punjere owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud aran dumadi amarga anane arane prabot lan arane panandhange manungsa kang ngemu teges netral utawa asor (negatif), banjur arane prabot utawa arane panandhange manungsa kang ngemu teges asor utawa netral iku mau diowahi kanthi arane prabot utawa arane panandhange manungsa kang nduweni teges luwih apik, lan dirasa nduweni drajat luhur (positif) tinimbang sadurunge.

3) Owah-owahane Tegese Tembung Saya Luhur Awujud Kahanan

Owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud kahanan yaiku owah-owahane tegese tembung saya luhur kang mratelake kahanane samubarang, bisa mratelake kahanane barang lan bisa mratelake kahanane manungsa. Kahanan kang njalari owah-owahane tegese tembung saya luhur yaiku kahanane manungsa kang positip, kayadene nalika lagi seneng, lagi bungah, lan sapanunggalé. Kahanan kang kaya mangkono bisa ngowahi tembung kang digawe supaya dadi luwih luhur, luwih ngregani, lan ngormati tumrap wong liya. Owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud kahanan iku dumadi saka anane tembung kang mratelake kahanane manungsa kang nduweni teges netral, ala, lan asor saengga nyebabake penganggone tembung iku mau dirasa kurang apik (negatif). Banjur kahanane manungsa iku mau diowahi kanthi tembung kang mratelake kahanan sing nduweni teges luwih apik sarta luhur tinimbang sadurunge, saengga ndadekake penganggone tembung iku mau bisa ngluhurake drajate manungsa (positif). Titikan owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud kahanan yaiku, kanggo aweh pakurmatan marang wong liya. Owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud kahanan iku tembung kang owah, nanging tegese ora owah.

3. Owah-owahane Tegese Tembung Saya Asor utawa *Peyorasi*

Peyorasi utawa owah-owahane tegese tembung saya asor yaiku owahe teges minangka kewalikane *ameliorasi* utawa owah-owahane tegese tembung saya luhur. Sajrone peyorasi utawa owah-owahane tegese tembung saya asor iku nduweni teges kang anyar, banjur teges kang anyar iku mau dirasa luwih asor nilainé tinimbang teges sadurunge. Owah-owahane tegese tembung saya asor utawa *peyorasi* yaiku proses owahe tegese tembung kang luwih asor utawa ala (negatif) saka tegese tembung kang sadurunge. Owah-owahane tegese tembung saya asor iku gumantine tegese tembung kang

wiwitane apik, luhur, utawa netral banjur owah menyang tembung kang nduweni teges asor lan ala (negatif). Miturut Tarigan (1985:92), tembung peyorasi iku asale saka basa latin *Pejor* kang nduweni teges ala. Proses *peyoratif* yaiku kewalikane proses *amelioratif*. Miturut Tarigan (1985:90), owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*) dibage dadi 3 yaiku (1) owah-owahane tegese tembung saya asor awujud pakaryan, (2) owah-owahane tegese tembung saya asor awujud aran, lan (3) owah-owahane tegese tembung saya asor awujud kahanan. Bageyan iku digambarake lan dijlentrehake sajrone tuladha lan andharane. Tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

- (1) “wuta huruf” dianggep luwih kasar lan luwih asor tinimbang “tunaaksara”.
- (2) “palanyahan” dianggep luwih kasar lan luwih asor tinimbang “wanita tunasusila”.
- (3) “glandhangan” dianggep luwih kasar lan luwih asor tinimbang “tunawisma”.
- (4) “budheg” dianggep luwih kasar lan luwih asor tinimbang “tunarungu”.
- (5) “babu” dianggep luwih kasar lan luwih asor tinimbang “pramuwisma”.
- (6) “buruh pabrik” dianggep luwih kasar lan luwih asor tinimbang “karyawan”.

Saka tuladha ing ndhuwur bisa dingerteni yen kang owah iku bisa dumadi saka tembung utawa frase. Tembung utawa frase kang tegese netral utawa luhur banjur diowahi kanthi tembung kang tegese asor. Tembung utawa frase kang tegese asor ancane kanggo ngasorake drajate pawongan liya utawa samubarang tartamtu. Senajan tembung iku mau dirasa ngasorake drajate liyan, nanging tembung iku mau tetep dienggo dening penganggo basa. Penganggo basa nggunakake tembung kang nduweni teges kang ala utawa asor iku rikala penganggo basa cecaturan karo mitra wicara kang ora ana gandheng cenenge karo tembung kang disebutake iku mau. Saliyane iku, penganggone tembung kang kasar sarta nduweni teges kang bisa ngasorake liyan dienggo rikala penganggo basa iku lagi nandhang emosi tuladhane. Saengga penganggo basa iku mau ngocapake tetembungan kang kasar sarta bisa ngasorake liyan, utamane ing wektu saiki. Penganggo basa kang nggunakake tetembungan kang dirasa kasar utawa asor drajate iku mau bisa awujud pakaryan kang lagi ditindakake, bisa awujud aran, lan uga bisa awujud kahanan. Mula andharan ngenani owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*) bakal dibage dadi 3 yaiku (1) owah-owahane tegese tembung saya asor awujud pakaryan, (2) owah-owahane tegese tembung saya asor awujud aran, lan (3) owah-owahane tegese tembung saya asor awujud kahanan.

Saka pananggape penganggo basa sajrone swasana tartamtu, tembung bisa ngalami owah-owahane teges. Owah-owahane teges kang kaya mengkono iku bisa tumuju menyang bab kang kurang nyenengake, akibate tembung iku mau sinebut *peyorasi* (Muljana, 1964: 28). Miturut Djajasudarma (1999:83) teges saya asor yaiku owah-owahane teges saka tembung kang sadurunge nduweni teges apik banjur dadi tembung kang nduweni teges ala. Semono uga kaya kang diandharake dening Aminuddin (2003:131) teges saya asor yaiku owah-owahane teges kang dianggep nduweni pangrasa ala utawa negatip. Suwandi (2008:121) ngandharake yen teges saya asor kuwi owah-owahane teges kang nyebabake teges anyar nduwe pangrasa luwih ala, kurang nyenengake tinimbang teges sadurunge.

Saka andharane para sujana ing ndhuwur, owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*) yaiku owah-owahane teges kang biyene nduweni teges biyasa-biyasa wae nanging ing jaman saiki tembung iku mau owah dadi asor, krasa kasar, lan ora nyenengake.

1). Owah-owahane Tegese Tembung Saya Asor Awujud Pakaryan

Owah-owahane tegese tembung saya asor awujud pakaryan yaiku owah-owahane tegese tembung saya asor kang wujud pakaryan utawa pegawean kang dadi pangupa jiwane pawongan ing bebrayan. Owah-owahane tegese tembung saya asor awujud pakaryan iku bisa dumadi menyang pakaryan kang dirasa nduweni panyebut ala utawa asor. Saka panyebute pakaryan kang dirasa asor utawa ala iku wekasane nuwuhake teges kang ala, kurang apik, lan kurang trapsila ing wektu (jaman) saiki, kepara bisa ngasorake drajate pawongan liya mligine pawongan kang saben dinane nindakake penggaweyan iku mau. Dadi, owah-owahane tegese tembung saya asor awujud pakaryan iku dumadi saka pakaryan kang dianggep ala utawa asor teges lan drajate, mligine ing wektu (jaman) saiki.

2). Owah-owahane Tegese Tembung Saya Asor Awujud Aran

Owah-owahane tegese tembung saya asor awujud aran yaiku owah-owahane tegese tembung saya asor kang wujud arupa aran. Maksude yaiku owah-owahane tegese tembung saya asor kang wujud arane prabot lan arane panandhange manungsa. Punjere owah-owahane tegese tembung saya asor awujud aran iku bisa dumadi krana penganggone tembung kang digunakake ing jaman saiki dirasa luwih kasar, luwih ala lan nduweni drajat tegese tembung kang asor. Aran kasebut ing jaman semana jan-jane ora ngemu teges ala utawa kurang trep, nanging ing jaman saiki luwih dirasakake kurang apik, krasa kasar, lan kurang trapsila.

3). Owah-owahane Tegese Tembung Saya Asor Awujud Kahanan

Owah-owahane tegese tembung saya asor awujud kahanan yaiku owah-owahane tegese tembung saya asor kang mratelake kahanane samubarang, kayadene mratelake kahanane barang lan kahanane manungsa. Jalaran ing sumber dhata mung tinemu kahanane manungsa saengga mung mratelake kahanane manungsa wae. Owah-owahane tegese tembung saya asor awujud kahanan iku dumadi saka anane tetembungan kang mratelake kahanane manungsa kang dianggep lan dirasa nduweni teges ala utawa asor, saengga diowahi kanthi tetembungan kang luwih apik utawa luwih luhur saka tetembungan kang dianggep ala utawa asor iku mau. Bisa kaya mengkono jalaran tetembungan kang dianggep lan dirasa nduweni teges sarta drajat ala utawa asor mau bisa nyinggung pangrasane wong liya lan ora aweh kurmat marang kahanane wong liya sing pangkate luwih luhur saka wong liyane kayadene pejabat lan sapanunggal.

Teori kanggo Panliten Iki

Teori kanggo njlentrehake owah-owahane teges kang dumadi ing tembung, mligine owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliorasi*) lan owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*) nggunakake jlentrehan perangan teges (*analisis komponen makna*) kanthi nggoleki fitur dhistingtife teges minangka unsur pambédane tembung siji lan sijine. Bab kasebut slaras karo andharane Gudai (1989:24) kang ngandharake yen panjlentrehe semantik iku nganggo telung cara, yaiku salah sawijine nganggo jlentrehan perangan teges. Gudai (1989:24) ngandharake yen fitur dhistingtif teges (makna) yaiku kanggo mbedakake tembung kanthi nggunakake relasi hiponim lan relasi antonim. Fitur kasebut minangka unsur pambéda kanggo mbedakake tembung siji lan sijine. Relasi hiponim yaiku sesambungane tembung kang nduweni teges mligi (*spesifik*) lan teges umum (*generik*), dene relasi antonim yaiku sesambungane tembung kang nduweni teges kang beda antarane tembung siji lan sijine. Relasi hiponim lan relasi antonim iku bisa kagambarake kanthi cetha yen nggunakake cara jlentrehan perangan teges utawa *analisis komponen makna*.

TATA CARANE PANLITEN

Titikane Panliten

Titikan saka panliten iki diperang dadi loro, yaiku jinise panliten lan sipate panliten. Jinis lan sipate panliten diandharake ing ngisor iki.

1) Jinise Panliten

Jinis panliten kang digawe ing panliten iki yaiku lingusitik dheskriptif. Linguistik dheskriptif iku luwih nggatekake wedharane panliti lan pamawase panliti

kanthi apa anane, dadi dudu wilayahae linguistik kanggo medharake lan nemtokake endi kang bener lan endi kang ora bener. Andharan kasebut laras karo panemune Djajasudarma (2010:16) lan Verhaar (1978). Diarani jinis panliten linguistik dheskriptif jalaran sajrone panliten iki ngandharake lan njlentrehake owah-owahane teges kang dumadi ing tembung, manut pamawase panliti dhewe.

2) Sipate Panliten

Panliten iki kalebu panliten kang asipat dhiakronis yaiku panliten basa kang mawas lan njingglengi pangrembakane basa saka sawijining wektu menyang sawijining wektu liya. Andharan kasebut laras karo panemune Mahsun (2010:30) lan Parera (1991:69). Dadi, panliten iki njingglengi owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliorasi*) lan saya asor (*peyorasi*) sajrone wacan ing rubrik majalah Jaya Baya wiwit taun 1975 nganti taun 2015.

Ubarampene Panliten

Ubarampe sajrone panliten iki kaperang dadi 3, yaiku (1) dhatane panliten, (2) sumber dhatane panliten, (3) instrumen panliten, lan (4) basa kang ditliti. Andharan ngenani dhata, sumber dhata, lan instrumen panliten luwih cethane ing ngisor iki.

1. Dhatane Panliten

Dhata ing panliten iki yaiku owah-owahane teges kang dumadi ing tembung. Dhata ing panliten iki nggunakake dhata sekundher. Dhata sekundher yaiku dhata tulis kang ana ing buku, majalah, lan liya-liyane (Sudaryanto, 1993:11). Dhata sekundher ing panliten iki digoleki sajrone wacan ing rubrik-rubrik majalah Jaya Baya wiwit taun 1975 nganti 2015. Ora nggunakake dhata primer jalaran dhata panliten iki ora awujud lisan utawa caturan, nanging dhata panliten iki awujud tulisan kang dijupuk kanthi maca majalah Jaya Baya wiwit taun 1975 nganti 2015.

2. Sumber Dhatane Panliten

Sumber dhata ing panliten iki yaiku tembung-tembung sajrone wacan ing rubrik-rubrik majalah Jaya Baya wiwit taun 1975 nganti 2015. panemtune sumber dhata kang kaya mangkono iku mau slaras karo panemune Lofland sajrone Moleong (2014:157).

3. Instrumen Panliten

Instrumen yaiku piranti panliten kanggo nglumpukake dhata (Moleong, 2014:168). Slaras karo panemune Muhammad (2011:31), instrumen panliten iku ana loro, yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Panliti ing panliten iki minangka instrumen utama. Panliti minangka instrumen utama amarga panliti kang golek dhata, njlentrehake dhata, lan nulis panliten iki. Instrumen panyengkuyung yaiku

piranti kang digunakake sajrone panliten kanggo ngrampungake panliten iki, kayadene piranti tulis, majalah, kamus, lan liya-liyane.

4. Basa kang Ditliti

Basa kang ditliti ing panliten iki klebu basa Jawa anyar. Basa Jawa anyar yaiku basa Jawa kang dienggo ing bebrayan Jawa antarane abad 18 akhir nganti seprene (Zoetmulder, 1973:34). Basa kang ditliti nggunakake basa Jawa anyar amarga sumber dhatane iku tembung-tembung sajrone wacan ing majalah Jaya Baya wiwit taun 1975 nganti 2015.

Tatacarane Panliten

Tatacarane Panliten iki ana telung urutan, yaiku (1) nglumpukake dhata, (2) njlentrehake dhata, lan (3) nyuguhake asile panliten. Saben tatacara nduweni metodhe lan teknik dhewe-dhewe. Luwih cethane diandharake ing ngisor iki.

1. Tatacarane Nglumpukake Dhata

Tatacarane nglumpukake dhata yaiku kanthi nglumpukake majalah Jaya Baya wiwit taun 1975 nganti taun 2015. Majalah Jaya Baya kang kasil diklumpukake iku banjur diwaca kanthi trawaca saben sumber dhatane, kanggo nggoleki owah-owahane teges kang dumadi ing tembung. Anggone maca sumber dhata kanthi nggunakake tatacara (teknik) awur-awuran, jalaran ora saben wacan sajrone rubrik majalah Jaya Baya bisa ditemokake owah-owahane teges kang dumadi ing tembung. Sawise maca lan nemokake owah-owahane teges kang dumadi ing tembung banjur dicathet tembung, kacane, nomer, lan taun majalaha.

Dhata kang wis kasil diklumpukake iku banjur dianakake *verifikasi* lan *validasi*. *Verifikasi* lan *validasi* dhata iki dianakake kanggo mesthekake yen dhata kang dipikolehi iku wis pener apa durung, sadurunge dianakake tahap panliten sabanjure. *Verifikasi* lan *validasi* dhata sajrone panliten iki ditindakake kanthi wawanrembug lan dhiskusi klawan narasumber utawa pawongan kang ngerti saengga dhata kasebut bisa *valid*, mula dhiskusi lan pirembugan iku ditindakake klawan dhosen pembimbing skripsi. Sarampunge iku, dhata kang wis *diverifikasi* lan *divalidasi* banjur *diklasifikasi* utawa dilebokake menyang jinis-jinise owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliorasi*) lan owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*).

2. Tatacarane Njlentrehake Dhata

Adhedhasar dhata kang wis diklumpukake kanthi nggunakake tatacara nglumpukake dhata, banjur diidentifikasi lan diklasifikasi. Sabanjure dijlentrehake kanthi nggunakake metodhe lan tatacara jlentrehan dhata. Anggone njlentrehake dhata kanggo njlentrehake jinise owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliorasi*)

lan saya asor (*peyorasi*) ing basa Jawa yaiku nggunakake teori fitur dhistingtif teges lan jlentrehan perangane teges (Gudai, 1989:24). Dhataane yaiku arupa owah-owahane teges kang dumadi ing tembung. Dhata kasebut banjur dijlentrehake kanthi perangane teges. Sadurunge nggunakake jlentrehan perangane teges luwih dhisik nggoleki fitur dhistingtife tegese tembung. Jlentrehan komponen makna digunakake kanggo mbedakake owah-owahane teges kang dumadi ing tembung kanthi ndeleng fitur. Fitur dhistingtif teges sajrone tabel iku minangka tandha kang tujuwane kanggo mbedakake drajate tembung siji lan sijine.

3. Tatacarane Nyuguhake Dhata

Tatacara nyuguhake asil jlentrehan dhata ing panliten iki yaiku kanthi cara formal lan informal. Cara formal yaiku nggunakake tandha-tandha lan lambang-lambang. Tandha kang dimaksud yaiku tandha (+), (-), (\pm), lan liya-liyane, banjur lambang kang dimaksud yaiku lambang huruf utawa cekakan. Dene cara informal yaiku nyuguhake asile dhata kang wis dijlentrehake kanthi cara dheskripsi kang nggunakake tembung-tembung kang umum utawa lumrah saengga bisa dingerteni saben wong kang maca asile panliten (Sudaryanto, 1993:145).

JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASIL PANLITEN

Andharan lan Jlentrehan Dhata

Owah-owahane tegese tembung ing basa Jawa adhedhasar drajate dumadi saka owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliorasi*) lan owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*). Saka pepanthane owah-owahane teges kasebut, banjur bisa dibage maneh dadi telu yaiku, kang awujud pakaryan, awujud kahanan, lan awujud aran. Andharan lan jlentrehan jangkepe ing ngisor iki.

1. Owah-owahane Tegese Tembung Saya Luhur utawa Ameliorasi

Owah-owahane tegese tembung saya luhur utawa *ameliorasi* yaiku owah-owahane teges kang disebabake dening teges anyar, jalaran teges kang anyar mau dirasa nduweni teges luhur, becik, lan nyenengake (*positif*) tinimbang teges sadurunge. Owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliorasi*) bisa dumadi saka tembung-tembung kang netral lan bisa dumadi saka tembung *negatif*. Tembung kang dirasa netral utawa negatif mau diowahi kanthi tembung kang luhur drajate (*positif*). Wiwitane tembung-tembung kang netral utawa kang negatip mau nduweni teges kang lumrah kepara nduweni teges kang ala ing jaman saiki. Sabanjure teges kang ala mau diowahi kanthi tembung kang nduweni teges becik lan luhur.

a. Owah-owahane Tegese Tembung Saya Luhur Awujud Pakaryan

Owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud pakaryan yaiku owah-owahane tegese tembung saya luhur kang wujud pakaryan utawa pangupa jiwane pawongan ing bebrayan. Dadi, owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud pakaryan bisa kedadeyan amarga anane pakaryan kang nduweni teges asor utawa netral, banjur pakaryan kang tegese asor utawa netral mau diowahi dadi pakaryan kang nduweni teges apik sarta luhur. Owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud pakaryan banjur diperang dadi telu, yaiku pakaryan kang ditindakake dening wong lanang, wong wadon, sarta kekarone. Dhasar pamerange jinise pakaryan kang adhedhasar jinis kelamin yaiku pambageyane pakaryan kang paling gampang lan asipat *universal* sajrone masyarakat, iku bisa dideleng saka jinis kelamine. Mula bakal diperang dadi telu, yaiku (1) pakaryan kang ditindakake dening wong lanang, (2) pakaryan kang ditindakake dening wong wadon, (3) pakaryan kang bisa ditindakake dening kekarone.

1). Pakaryan kang Ditindakake Wong Lanang

(1) bajingan lan tukang cikar

Bajingan lan tukang cikar yaiku panyebute wong kang pakaryane nunggang cikar, utawa wong kang pakaryane nglakokake cikar. Cikar dhewe nduweni teges grobag kang rodhane loro banjur digered sapi, banjur ing ngarep dilakokake utawa ditunggangi dening wong kanggo nyetiri sapi iku mau. Pambada antarane bajingan lan tukang cikar yaiku bab drajat lan tegese, utamane ing wektu (jaman) saiki. Bisa kaya mengkono jalaran tembung bajingan dirasa luwih asor tegese yen nuju ing wektu (jaman) saiki tinimbang panyebute tukang cikar. Faktor sosial njalari owahe tegese tembung, maksude yaiku tegese tembung kang digunakake ing bebrayan kudu cundhuk karo pangrembakane jaman lan masyarakat. Tembung kang dirasa ora cocog utawa kurang cocog digunakake banjur diowahi kanthi tembung kang luwih trep lan cocog (jumbuh) karo wektu (jaman) saiki, tuladhane penganggone tembung bajingan. Pakaryan tukang cikar dirasa luwih apik lan luwih luhur drajate lan dirasa luwih nregani marang wong sing pakaryane narik cikar utawa nglakokake cikar. Bisa kaya mengkono jalaran penganggone tembung bajingan ing wektu (jaman) saiki dirasa kurang apik tegese, krasa kasar, kurang trapsila, sarta dirasa *ambigu*. Awit saka iku kabeh, penganggone tembung tukang cikar dirasa luwih apik lan luwih trep kanggo nyebutake pawongan kang pakaryane nglakokake cikar.

Adhedhasar tabel ing ndhuwur, antarane tembung bajingan lan tembung tukang cikar iku ora nduweni pambada. Kekarone nduweni drajat kang padha jalaran kekarone iku minangka pakaryan kang ora

nduweni pangkat, ora mbutuhake sekolah (pendhidhikan) kang dhuwur kanggo nindakake pakaryan kasebut, apa maneh ing bab gengsi kekarone iku klebu pakaryan kang kurang narik kawigatene masyarakat, sarta liya-liyane. Saengga nuwuhake penganggep yen pakaryan kasebut klebu pakaryan kang biyasa-biyasa wae, kepara tuwuh penganggep yen pakaryan kasebut klebu pakaryane wong cilik. Tegese pakaryan tukang cikar luwih cetha lan luwih gamblang (praktis) tinimbang tegese tembung bajingan. Bisa dibuktekake jalaran tegese tembung tukang cikar iku langsung tumuju menyang pakaryan, yaiku pakaryane wong kang narik utawa nglakokake cikar. Banjur tegese pakaryan bajingan dirasa luwih asor drajata lan krasa kasarjalaran ing wektu saikipenganggone tembung bajingan luwih tumujumenyang teges kang ala lan asor dening penganggo basa, mligine penganggo basa generasi saiki. Beda karo penganggone tembung bajingan ing wektu biyen, antarane periodhe 1975-1995, jalaran ing periodhe kasebut penganggo basa ngerteni lan nggunakake tembung iku mau. Ing periodhe 1975-1995 isih akeh cikar kang mlaku, beda karo jaman saiki, senajan cikar uga isih tinemokake ing dhaerah-dhaerah tartamtu.

2). Pakaryan kang Ditindakake Wong Wadon

(1) babu lan pramuwisma

Pakaryan babu lan pramuwisma yaiku panyebute wong kang nindakake pakaryan arupa resesik, momong, masak, umbah-ubah, lan sapiturute kang manggon ana ing omah bendarane. Senajan kekarone nduweni teges kang padha, nanging kekarone nduweni drajat tegese tembung kang beda. Pramuwisma dirasa drajate apik, tegese luwih luhur tinimbang babu. Pramuwisma dening penganggo basa luwih luhur nilaine utawa luwih kurmat tinimbang babu. Babu nduweni teges kang padha karo pramuwisma, nanging panyebute babu nduweni teges ala, lan wedine panyebute babu mau nglarani pangrasane wong kang lagi nindakake pakaryan iku mau. Saliyane iku, tembung babu bisa diarani tembung kang nduweni teges negatif, saengga tembung kang negatif mau diowahi dadi tembung kang nduweni drajat luhur lan apik, kanggo ngormati wong kang nindakake pakaryan kasebut. Mula saka iku, babu diowahi dadi pramuwisma kanggo ngluhurake lan ngormati wong kang pakaryane iku mau, sarta ora nyinggung pangrasa.

Yen nuju tabel ing ndhuwur, pancen pramuwisma ing jaman saiki luwih pinunjul tinimbang babu. Pramuwisma ing wektu (jaman) saiki luwih unggul ing bab pendhidhikan, kabisan, sarta ekonomi. Bisa diarani luwih unggul, jalaran ing wektu saiki pramuwisma iku minimal pendhidhikane lulus saka SMA, beda karo babu ing periodhe (1975-1995) kang mung lulus nganti SD utawa SMP wae, nanging uga ana

pramuwisma kang ora nganti nutugne SMA, mula ing fitur pendhidhikan (b) diwenehi tandha (\pm). Saliyane bab pendhidhikan, pramuwisma uga luwih pinunjul ing bab kabisan kayadene nggunakake piranti kang modern ing omahe bendarane. Kang pungkasan, pramuwisma ing wektu saiki uga luwih unggul ing bab ekonomi, wektu saiki lan mligine ing kutha-kutha gedhe pramuwisma (babu) diopahi kanthi opah kang lumayan. Apa maneh ing wektu saiki anane UU ngenani perlindungan PRT (pembantu rumah tangga).

3). Pakaryan kang Ditindakake Kekarone

(1) juru rawat lan perawat

Pakaryan juru rawat lan perawat yaiku panyebute wong kang nindakake pakaryan ngrawat sarta ngrumat wong kang nandhang lara utawa wong kang wis sepuh. Pawongan kang pakaryane dadi juru rawat utawa perawat iku umume ing rumah sakit, panti, lan sapanugalane. Banjur pawongan kang nindakake pakaryan kasebut iku bisa wong lanang lan uga bisa wong wadon. Senajan kekarone nduweni teges kang memper, nanging kekarone nduweni drajat tegese tembung kang beda, iku bisa dideleng ing tabel. Perawat dirasa luwih luhur drajate tinimbang juru rawat, senajan juru rawat nduweni drajat kang netral. Bisa kaya mengkono jalaran juru rawat yen digunakake ing jaman saiki dirasa kurang trep lan kurang relevan saengga prelu anane owah-owahane tegese tembung menyang tembung kang langsung tumuju menyang tegese kayadene perawat. Penganggo basa ing jaman saiki luwih nggunakake tembung kang praktis, saengga njalari drajate perawat luwih luhur lan luwih apik tinimbang juru rawat. Saliyane iku perawat luwih pinunjul tinimbang juru rawat yen ndeleng tabel ing ndhuwur. Tabel ing ndhuwur nggambarake yen tembung perawat luwih onjo ing saben future. Tuladhane ing fitur pendhidhikan (b), kabisan (c), ekonomi (d), lan gengsi (d). Tembung perawat ing fitur pendhidhikan, kabisan, sarta gengsi mawa tandha (+), dene ekonomi mawa tandha (\pm). Tembung perawat ing fitur pendhidhikan mawa tandha (+) jalaran yen kepingin dadi perawat saiki kudu sekolah ing AKPER. Fitur kabisan mawa tandha (+) jalaran kabisane perawat ing jaman saiki saya maju, saliyan bisa ngrawat wong, perawat saiki mumpuni ing olah kesehatan (obat-obatan, lsp). Banjur ing fitur gengsi mawa tandha (+) jalaran masyarakat ing wektu saiki nduweni panganggep yen pakaryan perawat iku minangka pakaryan kang luhur lan antuk pangaji linuwih saka masyarakat. Dene ing ekonomi mawa tandha (\pm) jalaran sok-sok pengasilane perawat ana sing linuwih lan sok-sok ana sing kurang. Dene juru rawat utamane ing jaman biyen luwih ditegesi menyang wong kang ngrumat sarta ngrawat wong kang manggon ing panti senajan uga ana kang manggon ing rumah sakit. Mula saka iku

tembung juru rawat ing fitur pendhidhikan, kabisan, ekonomi mawa tandha (\pm), sarta fitur gengsi mawa tandha (-). Saliyane iku kabeh penganggo basa ing jaman saiki luwih nggunakake tembung kang praktis, saengga njalari drajate perawat luwih luhur lan luwih apik tinimbang juru rawat.

b. Owah-owahane Tegese Tembung Saya Luhur Awujud Kahanan

Owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud aran yaiku owah-owahane tegese tembung saya luhur kang wujud aran, tegese owah-owahane tegese tembung saya luhur kang wewujudane arane prabot lan arane panandhange manungsa. Punjere owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud aran iku bisa dumadi krana penganggone tembung kang digunakake ing jaman saiki dirasa luwih kasar, luwih ala lan nduweni drajat tegese tembung kang asor. Saengga penganggone tembung kang dirasa ala utawa asor iku banjur diowahi kanthi tembung kang luwih apik lan luwih luhur saka tembung sadurunge. Jan-jane mono tembung kasebut ing jaman semana ora ngemu teges ala, nanging ing jaman saiki tembung kasebut luwih dirasakake kurang apik, krasa kasar, lan kurang trapsila. Owah-owahane tegese tembung saya luhur awujud aran iku kedadeyan amarga anane arane prabot lan arane panandhange manungsa kang ngemu teges netral utawa asor (negatif) ing jaman saiki. Sabanjure arane prabot utawa arane panandhange manungsa kang ngemu teges asor utawa netral iku mau diowahi kanthi arane prabot utawa arane panandhange manungsa kang nduweni teges apik, lan dirasa nduweni drajat luhur (positif).

1). Arane Prabot

(1) lumur lan gelas

Lumur lan gelas yaiku arane prabot (barang) kanggo wadah banyu kang ancasa dienggo ngombe. Lumur lan gelas nduweni pambada, senjata nduweni guna kang padha. Pambada antarane lumur lan gelas yaiku ing bakale. Yen lumur digawe saka pring, nanging yen gelas digawe saka beling utawa seng. Saengga bisa dingerteni yen antarane lumur lan gelas iku luwih apik lan luwih modern gelas tinimbang lumur. Awit saka iku, arane prabot kang nduweni teges lan drajat luhur yaiku gelas. Arane prabot gelas iku luwih apik lan luhur tinimbang lumur, jalaran ing jaman saiki penganggone tembung gelas luwih dienggo tinimbang penganggone tembung lumur dening penganggo basa. Anane modernisasi lan globalisasi nuwuhake owah-owahane tatacara urip, saengga tuwuh panganggep yen wong kang isih nggunakake utawa nyebutake arane barang kang tradhisional iku diarani wong kang kolot.

Adhedhasar tabel ing ndhuwur bisa dingerteni pambada antarane lumur lan gelas ing periodhe 1975-1995 lan 1995-2015, adhedhasar ndeleng fitur tegese. Gelas luwih pinunjul ing fitur-fitur tinimbang lumur. Tuladhane ing fitur wujud (a) lan bakal (c). Fitur wujud sajrone tembung gelas mawa tandha (+) dene lumur mawa tandha (-). Tegese yaiku gelas iku wujud luwih apik lan luwih variatif tinimbang lumur, tuladhane gelas iku ana gagange lan cakrike luwih apik. Dene lumur iku cakrike mung iku wae (*monoton*) lan ora ana gagange. Saliyane iku ing fitur bakal, gelas mawa tandha (+) dene lumur mawa tandha (-). Tegese yaiku, gelas iku ginawe saka bakal beling kang awet penganggone nanging aja nganti diceblokake, beda karo gelas kang ginawe saka seng, masio diceblokake isih kuwat. Dene lumur iku isih ginawe saka pring, saengga awete barang kasebut ndeleng kahanane pring kang digawe, kayata gapuk orane pring iku mau. Kaya mengkono pambada antarane lumur lan gelas, saengga gelas kang kalebu arane prabot iku luwih luhur drajate lan luwih apik tegese tinimbang lumur, utamane ing jaman saiki. Saliyane iku mau kabeh kang njalari tembung gelas luwih luhur lan apik. Bab liyane kang njalari tembung gelas dadi luhur drajat lan tegese yaiku bab arus globalisasi, pangrembakane jaman lan teknologine barang.

2). Arane Panandhange Manungsa

(1) wuta lan tunanetra

Tunanetra yaiku araning panandhange manungsa kang ngalami cacad ing mripat. Tunanetra digunakake kanggo nyebutake wong kang nandhang utawa ngalami gangguwan pandulu (tuna ing mripat). Tunanetra iku ora mung ditandhang dening wong wuta wae, jalaran tegese tunanetra iku kurang ing mripat utawa paningal. Saengga sakabehane tuna kang ditandhang mripat utawa kurang ing mripat iku bisa diarani tunanetra. Dadi, tunanetra iku ora mung digunakake kanggo ngarani wong kang wuta wae, nanging sakabehe cacad kang ditandhang dening mripate manungsa iku bisa diarani tunanetra. Cacad mripat kang kalebu tunanetra yaiku, wuta, kera, picek, kiyer, sipit, lan mendolo. Sakabehe iku mau kalebu tunanetra utawa kurang ing mripat kang ditandhang dening manungsa. Bisa diarani kaya mengkono jalaran anane pameran tunanetra, yaiku *total blind* lan *low visioan*. *Total blind* yaiku wuta, maksude yaiku cacade mripat kang ora bisa ndeleng karo-karone. Dene *low visioan* yaiku pandeleng kang ngalami gangguwan utawa hambatan kanggo ndeleng, kayadene picek, kiyer, kera, sipit, lan mendolo. Picek yaiku cacade mripat kang ora bisa ndeleng sisih. Kiyer yaiku cacade mripat jalaran ukurane mripat sisih ciyut utawa sipit sisih. Kera yaiku cacade mripat jalaran posisi soca lan arah pandulune ora padha. Sipit yaiku cacade

mripat jalaran ukurane mripat (karo-karone) ciyut. Banjur kang pungkasan mendolo yaiku cacade mripat (karo-karone) kang ukurane gedhe banget kaya arep metu. Saka andharan iku mau bisa dingerteni yen penganggone tembung tunanetra iku mono bisa dienggo kanggo ngormati wong kang cacad utawa tuna ing pandulu, ora mung cacad wuta wae. Saka jlentrehan iku mau bisa dingerteni yen penganggone tembung tunanetra iku dirasa luwih apik tegese lan dirasa luwih luhur drajate tinimbang panyebute tembung wuta lan tembung tembung liya-liyane.

Adhedhasar tabel ing ndhuwur bisa dingerteni yen tembung tunanetra iku luwih apik tegese lan luhur drajate tinimbang tembung wuta, jalaran tembung wuta dirasa bisa ngasorake wong kang nandhang cacad ing mripat. Bisa dingerteni kaya mengkono jalaran ndeleng tandha kang ana ing fitur-fitur tembung tunanetra lan tembung wuta. Tembung tunanetra dirasa luwih awèh pakurmatan marang wong kang nandhang cacad ing mripat, saengga ing fitur pakurmripat (a) mawa tandha (+). Saliyane iku panyebute penganggone tembung tunanetra dirasa ngluhurake status sosial utawa pangkat marang wong kang nandhang cacad utawa tuna ing mripat, saengga ing fitur status sosial (pangkat) mawa tandha (+). Dene penganggone tembung wuta dirasa ora ngormati wong kang nandhang cacad ing mripat, saengga ing fitur pakurmatan (a) mawa tandha (-). Banjur ing fitur status sosial (pangkat) tembung wuta mawa tandha (-) jalaran penganggone tembung wuta dirasa ora ngajeni lan dirasa ngasorake wong kang nandhang cacad utawa tuna ing mripat. Saengga bisa dingerteni yen penganggone tembung tunanetra luwih apik lan luwih luhur drajat sarta tegese, tinimbang penganggone tembung wuta utawa liya-liyane.

c. Owah-owahane Tegese Tembung Saya Luhur Awujud Kahanan

(1) nirbusana lan wuda

Nirbusana utawa wuda yaiku kahanane manungsa kang kasat mripat, tegese kahanane manungsa kang bisa dideleng wujudé dening mripat. Nirbusana yaiku panyebute wong kang ora nganggo klambi (ageman) babar pisan, saengga wewadine awake (palanangan utawa pawadonan) bisa dideleng dening liyan. Tembung nirbusana dumadi saka tembung nir lan busana. Nir saka tembung kawi kang nduweni teges tanpa utawa ilang, dene busana nduweni teges rerenggan utawa sandhangan (klambi), banjur antarane tembung nir lan busana didadèkake satembung dadi nirbusana kang ngemu teges tanpa busana utawa tanpa sandhangan babar pisan kanggo nutupi awake. Awit saka iku tembung nirbusana dirasa luwih apik tegese lan luwih luhur drajate tinimbang tembung wuda. Saengga penganggone

tembung nirbusana dirasa cocog kanggo ngormati lan ngalusake kahanane pawongan liya tinimbang penganggone tembung wuda. Jalaran kanggo nyebutake kahanane pawongan kang nduweni pangkat lan drajat dhuwur upamane, mesthi wae nganggo tembung kang dirasa ora ngasorake pangkat lan drajate pawongan iku mau, senajan tembung kang digawe iku ora ngowahi kahanane, nanging dirasa cukup kanggo ngandharake kahanane pawongan iku mau kanthi trep-trepane basa lan unggah-ungguh. Upamane ana salah sawijine pawongan kang pangkat lan drajate iku dhuwur lan nduweni kalungguhan, tuladhane bojone pejabat. Pawongan kang bojone pejabat iku mau kahanane lagi tanpa klambi babar pisan, banjur tinulis ing koran utawa majalah kanthi nggunakake tembung nirbusana. Bisa kaya mengkono, jalaran panulis isih ngormati pawongan kasebut amarga pawongan iku mau isih klebu wong kang nduweni pangkat, saengga panulis nganggo tembung nirbusana kanggo nggambarake pawongan iku mau. Panulis nganggo tembung kang dirasa trep jalaran isih ngormati sanak kadange pawongan kasebut, upamane wae kaya mengkono.

Tabel ing ndhuwur bisa dingerteni yen tembung nirbusana iku luwih apik teges lan drajate tinimbang tembung wuda, jalaran tembung wuda iku dirasa bisa ngasorake liyan lan kalebu tembung kang nduweni surasa negatif (asor) marang liyan. Iku bisa dingerteni yen ndeleng tandha kang ana ing fitur-fitur tembung nirbusana lan tembung wuda. Tembung nirbusana dirasa luwih awèh pakurmatan marang wong kang kahanane tanpa busana, saengga ing fitur pakurmatan (a) mawa tandha (+). Penganggone tembung nirbusana dirasa bisa ngajeni sarta ngluhurake drajat pangkaté pawongan kang ngalami kahanane tanpa busana babar pisan ing awake, saengga ing fitur status sosial utawa pangkat (b) mawa tandha (+). Saliyane iku, penganggone tembung nirbusana uga digunakake kanggo ngormati sarta ngajeni wong kang luwih tuwa umure, nalika wong kang tuwa umure iku kahanane lagi tanpa busana ing awake. Mula saka iku ing fitur umur (c) mawa tandha (+). Dene penganggone tembung wuda dirasa bisa ngasorake liyan, kepara ora ngormati liyan mligine pawongan kang kahanane lagi tanpa busana. Mula saka iku penganggone tembung wuda ing pakurmatan (a), status sosial utawa pangkat (b), sarta umur (c) mawa tandha (-). Tembung wuda dirasa kurang trep jalaran, upama ana wong kang tinemu tiwas kanthi kahanane tanpa busana ing awake banjur nggunakake tembung wuda kanggo nyebutake kahanane mayit iku mau bisa nyebabake nyinggung pangrasane kulawarga, lan mligine bisa ngasorake mayit iku mau upamane. Mula, penganggone tembung nirbusana iku luwih trep jalaran ngemu teges kang apik sarta drajat kang luhur tinimbang penganggone tembung

wuda kanggo nggambarake kahanane pawongan kang tanpa busana.

2. Owah-owahane Tegese Tembung Saya Asor

Owah-owahane tegese tembung saya asor utawa *peyorasi* yaiku proses owaha tegese tembung kang luwih asor utawa ala (negatif) saka tegese tembung kang sadurunge. Owah-owahane tegese tembung saya asor iku gumantine tegese tembung kang wiwitane apik, luhur, utawa netral banjur owah menyang tembung kang nduweni teges asor lan ala (negatif). Saka tanggapan penganggo basa sajrone swasana tartamtu, tembung bisa ngalami owah-owahane teges. Owah-owahane teges kang kaya mengkono iku bisa tumuju menyang bab kang kurang nyenengake, kurang apik, sarta nuwuhake penganggep kang negatif, kaya mengkono iku kang sinebut owah-owahane tegese tembung saya asor utawa *peyorasi*. Owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*) dumadi saka tetembungan kang biyene dianggep nduweni teges kang lumrah (netral) nanging ing wektu liya tembung kasebut nduweni teges kang ala utawa asor. Tetembungan kang kalebu owah-owahane tegese tembung saya asor iku mula bukane utawa rikala semana isih dianggep lan dirasa tetembungan kang lumrah digunakake, nanging amarga anane owah-owahane jaman, tembung iku mau dirasa lan dianggep kurang apik, kurang trapsila, lan krasa kasar tegese.

a. Owah-owahane Tegese Tembung Saya Asor Awujud Pakaryan

Owah-owahane tegese tembung saya asor awujud pakaryan yaiku owah-owahane tegese tembung saya asor kang wujud pakaryan utawa pegawean kang dadi pangupa jiwane pawongan ing bebrayan. Owah-owahane tegese tembung saya asor awujud pakaryan iku bisa dumadi menyang pakaryan kang dirasa nduweni panyebut ala utawa asor. Saka panyebute pakaryan kang dirasa asor utawa ala iku wekasane nuwuhake teges kang ala, kurang apik, lan kurang trapsila ing wektu (jaman) saiki, kepara bisa ngasorake drajate pawongan liya mligine pawongan kang saben dinane nindakake penggaweyan iku mau. Dadi, owah-owahane tegese tembung saya asor awujud pakaryan iku dumadi saka pakaryan kang dianggep ala utawa asor teges lan drajate, mligine ing wektu (jaman) saiki.

1). Pakaryan kang Ditindakake Wong Lanang

(1) juru poto lan fotografi

Pakaryan juru poto lan fotografer yaiku panyebute wong kang nindakake pakaryan motreti wong kanthi nggunakake piranti sing jenenge kamera. Antarane juru poto lan fotografer iku nduweni teges kang padha, nanging yen nuju tabel ing ndhuwur kekarone iku nuduhake pambada yen ndeleng tandha ing saben fitur tegese. Iku bisa dideleng ing tabel, tembung fotografer

luwih pinunjul drajate tinimbang tembung juru poto utamane ing wektu (jaman) saiki. Dene penganggone tembung juru poto ing wektu saiki dirasa kurang trep lan kurang apik, jalaran anane owah-owahane jaman utamane owah-owahane basa. Saengga masyarakat ing jaman saiki luwih kerep nggunakake tembung serapan saka basa liya, tuladhane basa Inggris. Awit saka iku, penganggone tembung juru poto ing wektu (jaman) saiki krasa aneh lan krasa kurang apik saengga klebu tembung kang asor yen nuju ing wektu saiki. Pambada antarane juru poto lan fotografer ing wektu saiki uga nuduhake pambada kang adoh banget, mligine bab piranti sarta kabisane.

Saka andharan ing ndhuwur bisa dingerteni yen teges lan drajate tembung juru poto ing wektu saiki luwih asor tinimbang tembung fotografer. Tembung juru poto ing wektu saiki dirasa kurang apik penganggone, jalaran ing wektu saiki tuwuh tembung kang dirasa apik lan luwih modern kanggo nyebutake pawongan kang dadi juru poto, yaiku fotografer.

2). Pakaryan kang Ditindakake Wong Wadon

1) jongos lan PRT

Pakaryan jongos lan PRT yaiku panyebute wong kang nindakake pakaryan arupa resesik omah, momong bocah, masak, umbah-ubah, lan saliya-liyane kang kabeh iku ditindakake ing omahe bendarane. Senajan pakaryan kekarone iku nduweni teges kang padha nanging pakaryan kekarone iku nduweni drajat tegese tembung kang beda ing jaman saiki. Jongos luwih dirasakake luwih asor, kurang apik, kurang trapsila, lan krasa kasar tinimbang PRT. Jongos ing jaman biyen ora dirasakake ngemu teges kang asor, nanging ing jaman saiki penganggone tembung jongos luwih dirasakake asor. Mula saka iku penganggone tembung jongos kang dirasa luwih asor drajat lan tegese ing wektu saiki diowahi kanthi tembung PRT kang nduweni teges lan drajat luwih apik lan luwih luhur. Penganggone tembung jongos ing jaman saiki diwedeni bisa nyebababake nyinggung pangrasane wong liya.

Adhedhasar tabel ing ndhuwur tembung jongos luwih asor drajate tinimbang tembung PRT. Jongos ing jaman saiki luwih asor tinimbang PRT iku bisa dideleng ing fitur pangkat, pendhidhikan, lan gengsi. Sajrone fitur kasebut tembung jongos mawa tandha (-) saengga bisa dingerteni yen kalungguhane jongos luwih asor tinimbang kalungguhane tembung PRT ing jaman saiki. Bisa kaya mengkono jalaran penganggone tembung jongos ing jaman saiki luwih ngasorake pangkate pawongan liya utamane pawongan kang nindakake pakaryan kasebut, mula ing fitur pangkat mawa tandha (-). Fitur pendhidhikan uga nyebababake asore jongos ing jaman saiki, jalaran ing jaman biyen utamane ing periodhe 1975-1995 pendhidhikane jongos iku rata-rata mung lulusan SD utawa SMP, saengga ing fitur

pendhidhikan mawa tandha (-). Dene ing fitur gengsi penganggone tembung jongos kepara ndadekake penganggep asor marang pawongan kang nindakake pakaryan kasebut, saengga ing fitur gengsi mawa tandha (-). Bab kabisan uga njalari jongos luwih asor tinimbang PRT utamane ing jaman saiki, awit PRT ing jaman saiki kudu bisa nggunakake piranti-piranti kang sarwa modern. Saka jlentrehan iku mau bisa dingerteni yen jongos iku luwih asor drajata, dirasakake kurang apik tegese, sarta kurang trapsila penganggone tinimbang PRT.

3). Pakaryan kang Ditindakake Kekarone

(1) germa lan mucikari

Pakaryan germa lan mucikari yaiku panyebute wong kang nindakake pakaryan ngedolake lan nawakake PSKne marang wong lanang. Pawongan kang dadi germa utawa mucikari iku minangka pawongan kang dadi sarana (penyalur) PSK marang wong lanang sing arep nuku utawa ngenggo jasane. Kekarone iku nduweni teges kang padha nanging kekarone iku nduweni drajat tegese tembung kang beda ing jaman saiki. Penganggone tembung germa ing jaman saiki luwih dirasakake asor lan krasa kasar tinimbang penganggone tembung mucikari. Iku bisa dibuktakake kanthi ndeleng warta kang tinulis ing koran utawa majalah sarta bisa dideleng lan dirungokake ing TV utawa radhio. Saka bukti kang nyata iku bisa dingerteni yen penganggone tembung germa dirasa kurang trep lan krasa kasar, saengga para wartawan luwih nggunakake tembung mucikari. Adhedhasar tabel ing ndhuwur bisa dingerteni yen kekarone iku mono padha antarane siji lan sijine. Saengga ing saben future mawa tandha kang padha.

a. Owah-owahane Tegese Tembung Saya Asor Awujud Aran

Owah-owahane tegese tembung saya asor awujud aran yaiku owah-owahane tegese tembung saya asor kang wujud arupa aran. Maksud yaiku owah-owahane tegese tembung saya asor kang wujud arane prabot lan arane panandhange manungsa. Punjere owah-owahane tegese tembung saya asor awujud aran iku bisa dumadi krana penganggone tembung kang digunakake ing jaman saiki dirasa luwih kasar, luwih ala lan nduweni drajat tegese tembung kang asor. Tembung kasebut ing jaman semana jan-jane ora ngemu teges ala utawa kurang trep, nanging ing jaman saiki luwih dirasakake kurang apik, krasa kasar, lan kurang trapsila. Owah-owahane tegese tembung saya asor awujud aran iku kedadeyan menyang arane prabot utawa arane panandhange manungsa kang ing jaman biyen ora dirasakake ala, banjur mlebu ing jaman saiki arane prabot utawa arane panandhange manungsa iku luwih dirasakake ala kepar asor drajata.

1). Arane Prabot

(1) cingkir lan gelas

Cingkir lan gelas yaiku arane prabot kanggo wadah banyu kang ancasa dienggo ngombe. Senajan cingkir lan gelas nduweni guna kang padha nanging kekarone iku nduweni pambada ing bakale. Cingkir iku ginawe saka pring, dene gelas ginawe saka beling utawa seng. Dingerteni saka bakale iku luwih modern lan luwih apik tinimbang cingkir, dene cingkir luwih prasaja. Mula saka iku arane prabot cingkir kalebu barang kang kuna, saengga ndadekake cingkir iku arane prabot kang asor yen nuju jaman saiki. Bisa kaya mengkono jalaran ing jaman saiki penganggone tembung gelas luwih dienggo tinimbang penganggone tembung cingkir dening penganggo basa. Anane modernisasi lan globalisasi nuwuhake owah-owahane tatacara urip, saengga tuwuh panganggep yen wong kang isih nggunakake utawa nyebutake arane prabot utawa barang kang tradhisional iku diarani wong kang kolot, kuna, utawa ndesa.

Adhedhasar tabel ing ndhuwur bisa dingerteni pambada antarane cingkir lan gelas ing periodhe 1975-1995 lan 1995-2015, adhedhasar ndeleng fitur tegese. Gelas luwih pinunjul ing fitur-fitur tinimbang cingkir. Tuladhane ing fitur wujud (a) lan bakal (c). Fitur wujud sajrone tembung gelas mawa tandha (+) dene cingkir mawa tandha (-). Tegese yaiku gelas iku wujud luwih apik lan luwih variatif tinimbang cingkir, tuladhane gelas iku ana gagange lan cakrike luwih apik. Dene cingkir iku cakrike mung iku wae (*monoton*) lan ora ana gagange. Saliyane iku ing fitur bakal, gelas mawa tandha (+) dene cingkir mawa tandha (-). Tegese yaiku, gelas iku ginawe saka bakal beling kang awet penganggone nanging aja nganti diceblokake, beda karo gelas kang ginawe saka seng, masio diceblokake isih kuwat. Dene cingkir iku isih ginawe saka pring, saengga awete barang kasebut ndeleng kahanane pring kang digawe, kayata gapuk orane pring iku mau. Kaya mengkono iku pambada antarane cingkir lan gelas. Saengga gelas kang kalebu arane prabot iku luwih luhur drajata lan luwih apik tegese tinimbang cingkir utamane ing wektu saiki. Saliyane iku mau kabeh kang njalari tembung gelas luwih luhur lan apik. Ana uga bab kang njalari tembung gelas dadi luhur drajat lan tegese, yaiku bab arus globalisasi, pangrembakane jaman lan teknologi.

2). Arane Panandhange Manungsa

(1) picek lan tunanetra

Picek yaiku araning panandhange manungsa kang ora bisa ndelengkaro-karone. Penganggone picek ing jaman saiki luwih dirasa kasar lan asor drajata jalaran penganggone tembung picek iku kanthi blaka saengga bisa nyinggung pangrasane wong kang nandhang picek. Saka penganggone tembung picek kang dirasa kasar, kurang trapsila lan kepara bisa ngasorake wong liya mula diowahi kanthi tembung tunanetra. Penganggone

tunanetra dirasa luwih apik sarta luwih luhur drajat lan tegese kanggo nyebutake arane panandhange wong kang ora bisa ndeleng karo-karone. Dene penganggone picek dirasa kasar, ala, lan kurang trapsila marang liyan. Picek iku kalebu cacade mripat, mula becike luwih nganggo tunanetra kanggo nyebutake arane panandhange manungsa kang kurang (cacad) ing mripat. Dadi tunanetra iku ora mung digunakake kanggo ngarani wong kang picek wae, nanging sakabehe cacad kang ditandhang dening mripate manungsa iku bisa diarani tunanetra. Cacad mripat kang kalebu tunanetra yaiku picek, kera, picek, kiyer, sipit, lan mendolo. Sakabehe iku mau kalebu tunanetra utawa kurang ing mripat kang ditandhang dening manungsa. Saka jlentrehan iku bisa dingerteni yen picek iku kalebu cacade mripat kang ditandhang dening manungsa.

Adhedhasar tabel ing ndhuwur bisa dingerteni yen tembung tunanetra iku luwih apik tegese lan luhur drajate tinimbang tembung picek, jalaran tembung picek dirasa ngasorake wong kang nandhang cacad ing mripat. Bisa dingerteni kaya mengkono jalaran ndeleng tandha kang ana ing fitur-fitur tembung tunanetra lan tembung picek. Tembung tunanetra dirasa luwih awèh pakurmatan marang wong kang nandhang cacad ing mripat, saengga ing fitur pakurmripat (a) mawa tandha (+). Saliyane iku panyebute penganggone tembung tunanetra dirasa ngluhurake status sosial utawa pangkat marang wong kang nandhang cacad utawa tuna ing mripat, saengga ing fitur status sosial (pangkat) mawa tandha (+). Dene penganggone tembung picek dirasa ora ngormati wong kang nandhang cacad ing mripat, saengga ing fitur pakurmatan (a) mawa tandha (-). Banjur ing fitur status sosial (pangkat) tembung picek mawa tandha (-) jalaran penganggone tembung picek dianggep ora ngajeni lan dirasa ngasorake wong kang nandhang cacad utawa tuna ing mripat. Mula saka iku penganggone tembung picek kanggo nyebutake arane panandhange manungsa kang ora bisa ndeleng karo-karone iku dirasa kasar, ala, sarta luwih asor drajat lan tegese utamane ing jaman saiki.

b. Owah-owahane Tegese Tembung Saya Asor Awujud Kahanan

Owah-owahane tegese tembung saya asor awujud kahanan yaiku owah-owahane tegese tembung saya asor kang mratelake kahanane samubarang, kayadene mratelake kahanane barang lan kahanane manungsa. Jalaran ing sumber dhata mung tinemu kahanane manungsa saengga mung mratelake kahanane manungsa wae. Owah-owahane tegese tembung saya asor awujud kahanan iku dumadi saka anane tetembungan kang mratelake kahanane manungsa kang dianggep lan dirasa nduweni teges ala utawa asor, saengga diowahi kanthi tetembungan kang luwih apik utawa luwih luhur

saka tetembungan kang dianggep ala utawa asor iku mau. Bisa kaya mengkono jalaran tetembungan kang dianggep lan dirasa nduweni teges sarta drajat ala utawa asor mau bisa nyinggung pangrasane wong liya lan ora awèh kurmat marang kahanane wong liya sing pangkate luwih luhur saka wong liyane kayadene pejabat lan sapanunggalé. Kahanane manungsa iku ana kang bisa dideleng dening mripat lan ana kahanane manungsa kang ora bisa dideleng dening mripat. Mula saka iku owah-owahane tegese tembung saya asor awujud kahanan iku diperang dadi loro yaiku kahanan kang kasat mripat lan kahanan kang ora kasat mripat.

1). Kahanan kang kasat Mripat

(1) wuda blejet lan tanpa busana

Wuda blejet yaiku kahanane manungsa kang kasat mripat, maksude yaiku kahanane kang bisa dideleng wujudé kanthi langsung dening mripat. Wuda blejet iku panyebute wong kang ora nganggo klambi utawa ageman babar pisan ing awake saengga wewadine awake katon. Penganggone tembung wuda blejet dirasa kasar lan kurang trapsila saupama digunakake kanggo nyebutake kahanane wong kang luwih dhuwur drajat lan pangkate. Bisa dingerteni yen penganggone tembung wuda blejet saupama digunakake menyang wong kang pangkate luwih dhuwur iku ora pantes. Nanging becike penganggone tembung wuda blejet iku diganti kanthi tembung kang apik kayadene tanpa busana, mula saka iku drajate tembung wuda blejet kanggo nggambarake kahanane wong kang ora nganggo ageman iku ing jaman saiki krasa asor lan bisa nyebabake salah panampane wong liya.

Saka tabel ing ndhuwur bisa dingerteni yen penganggone tembung wuda blejet dirasa bisa ngasorake liyan, kepara ora ngormati liyan mligine pawongan kang kahanane lagi tanpa busana. Mula saka iku penganggone tembung wuda blejet ing pakurmatan (a), status sosial utawa pangkat (b), sarta umur (c) mawa tandha (-). Tembung wuda blejet dirasa kurang trep jalaran, upama ana wong kang tinemu tiwas kanthi kahanane tanpa busana ing awake banjur nggunakake tembung wuda blejet kanggo nyebutake kahanane mayit iku mau bisa nyinggung pangrasane kulawarga, lan mligine bisa ngasorake mayit iku mau. Dene penganggone tembung tanpa busana dirasa luwih awèh pakurmatan marang wong kang kahanane tanpa busana, saengga ing fitur pakurmatan (a) mawa tandha (+). Penganggone tembung tanpa busana dirasa bisa ngajeni sarta ngluhurake drajat pangkate pawongan kang ngalami kahanan tanpa busana babar pisan ing awake, saengga ing fitur status sosial utawa pangkat (b) mawa tandha (+). Saliyane iku, penganggone tembung tanpa busana uga digunakake kanggo ngormati sarta ngajeni wong kang luwih tuwa umure, nalika wong kang tuwa umure iku kahanane lagi

ora nganggo ageman ing awake. Mula saka iku ing fitur umur (c) mawa tandha (+). Bisa dingerteni yen tembung tanpa busana iku luwih apik teges lan drajate tinimbang tembung wuda blejet, jalaran tembung wuda iku dirasa bisa ngasorake liyan lan kalebu tembung kang nduweni surasa negatif (asor) marang liyan.

2). Kahanan kang Ora Kasat Mripat

(1) bramacorah lan residivis

Residivis yaiku kahanane wong kang nindakake tumindak ala kang diukum dening pulisi banjur sawise metu saka pakunjaran utawa ukuman dheweke mbaleni tumindake maneh. Residivis iku bisa klebu kahanan kang ora kasat mripat jalaran sipat utawa kahanane wong sing mbaleni tumindak ala iku mau ora kena dideleng dening mripat kanthi cara langsung, nanging saka sipat utawa kahanane wong kasebut nuwuhake akibat kang bisa dirasakake dening wong liya. Penganggone tembung residivis ing jaman saiki klebu tetembungan kang ora disenengi dening masyarakat jalaran luwih tumuju menyang tembung kang negatif tegese, saengga bisa dingerteni yen penganggone tembung residivis iku ala utawa asor penganggone. Masyarakat ing jaman saiki luwih ngerteni tembung residivis tinimbang tembung bramacorah. Saengga citra negatif saka tembung residivis iku mau ndadekake tembung residivis asor banget ing masyarakat. Dene tembung bramacorah kang uga ngemu teges padha karo tembung residivis, nanging tembung bramacorah mung sethithik kang ngerteni saengga njalari tembung bramacorah luwih netral tinimbang tembung residivis ing jaman saiki.

PANUTUP

Dudutan

Owah-owahane tegese tembung ing basa Jawa adhedhasar drajata iku minangka pepanthane owah-owahane teges, saengga owah-owahane tegese tembung adhedhasar drajata iku dumadi saka owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliorasi*) lan owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*). Owah-owahane tegese tembung saya luhur utawa *ameliorasi* yaiku peningkatan tegese tembung, jalaran tegese tembung kang anyar iku luwih apik, luwih luhur, lan luwih alus tinimbang tembung sadurunge. Dene owah-owahane tegese tembung saya asor utawa *peyorasi* yaiku proses owahe tegese tembung kang luwih asor utawa ala (negatif) saka tegese tembung kang sadurunge.

Pepanthane owah-owahane teges kang salah sawijine owah-owahane tegese tembung saya luhur (*ameliorasi*) lan owah-owahane tegese tembung saya asor (*peyorasi*) iku dibage dadi 3, yaiku awujud pakaryan, awujud aran, lan awujud kahanan. Saben bageyan iku mau isih diperang maneh, awujud pakaryan diperang dadi 3 yaiku pakaryan kang ditindakake dening

wong lanang, pakaryan kang ditindakake dening wong wadon, lan pakaryan kang ditindakake dening kekarone. Awujud aran diperang dadi 2 yaiku arane prabot lan arane panandhange manungsa. Dene kang awujud kahanan uga diperang dadi 2 yaiku kahanan kang kasat mripat lan kahanan kang ora kasat mripat. Umume tembung kang ditemokake ing sumber dhata iku kalebu owah-owahane tegese tembung saya luhur kanthi cacah 32 tembung lan saya asor kanthi cacah 19 tembung. Saka cacah tembung kasebut kang kalebu owah-owahane tegese tembung saya luhur lan saya asor iku jamake awujud aran, pakaryan, lan kahanan.

Pamrayoga

Asile panliten ngenani owah-owahane tegese tembung ing basa Jawa adhedhasar drajata iki isih akeh kurange, mula panliti ngarepake ana panyaru kang sipate mangun supaya panliten sabanjure bisa luwih apik. Saliyane kuwi panliti uga menahi pamrayoga kanggo panliten ngenani owah-owahane teges, mligine owah-owahane tegese tembung ing basa Jawa adhedhasar drajata. Pamrayoga kanggo panliten iki yaiku isih akeh pepanthane owah-owahane teges sing durung diteliti, kayadene owah-owahane teges saya ciyut, saya kasar, saya alus, lan saya kasar. Panliten ngenani owah-owahane tegese tembung adhedhasar drajata iki uga nduweni luput lan kurange, kurange panliten iki mung njingglengi bageyane owah-owahane teges saya luhur lan saya asor kang awujud aran, kriya, lan kahanan, jalaran dhata kang ditemokake iku umume awujud aran, pakaryan, lan kahanan. Dadi, panliten iki ora njingglengi owah-owahane tegese tembung saya luhur lan saya asor kang awujud tembung aran, tembung kriya, lan tembung kahanan. Saliyane iku, dhata ing panliten iki arupa owah-owahane teges kang dumadi ing tembung sajrone wacan ing majalah Jaya Baya wiwit taun 1975 nganti 2015, dudu tembung kang ngalami owah-owahane teges, mula saka iku diajab ana panliten liya sing bisa menahi koreksi tumrap asile panliten iki.

KAPUSTAKAN

- Chaer, Abdul. 2002. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta
- Djasudarma, Fatimah. 1993. *Semantik 2 Pemahaman Ilmu Makna*. Bandung: Refika Aditama
- Tarigan, Henry, Guntur. 1985. *Pengajaran Semantik*. Bandung: Angkasa

- Pateda, Mansoer. 2001. *Semantik Leksikal*. Jakarta: Rineka Cipta
- Parera, J.D. 2004. *Teory Semantik*. Jakarta: Airlangga
- Muljana, Slamet. 1964. *Semantik (Imu Makna)*. Surabaya: Djambatan
- Aminuddin. 2008. *Semantik Pengantar Studi Tentang Makna*. Bandung: Sinar Baru Algesindo
- Leech, Geoffrey. 2003. *Semantik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: Rajagrafindo Persada.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan Secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- Ibrahim, Syukur, Abd. 1985. *Linguistik Komparatif Sajian Bunga Rampai*. Surabaya: Usaha Nasional
- Keraf, Gorys. 1991. *Linguistik Bandingan Historis*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
- Pateda, Mansoer. 1985. *Semantik Leksikal*. Flores: Nusa Indah
- Simanjuntak, M. 1990. *Teori Fitur Distingtif dalam Fonologi Generatif Perkembangan dan Penerapannya*. Jakarta: Gaya Media Utama.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1937. *Bausastra Djawi*. Jakarta: J.B. Wolters' Uitgevers Matschappij NV.
- Moleong, Lexy J. 2014. *Metodologi Penelitian Kaulitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Djajasudarma, Fatimah. 2010. *Metoda Linguistik: Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung: PT. Refika Aditama.
- Sudaryanto lan Pranowo (Ed.). 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.
- Gudai, Darmansyah. 1989. *Semantik Beberapa Topik Utama*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi.
- Mahsun. 2014. *Metode Penelitian Bahasa: Tahapan, Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: PT. Rajagrafindo Persada.
- Padmosoekotjo. 1953. *Ngengrengan Kasusastraan Jawa*. Jogjakarta: Soejadi
- Verhaar. 2008. *Asas-Asas Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Kridalaksana, Harimurti. 1984. *Kamus Linguistik (Edisi II)*. Jakarta: Gramedia